

AGE+



City of Boston
Age Strong
Commission

Men kijan nou ka ede

Nan wòl kabinè Sèvis sante epi imanité (Health and Human Services), misyon nou se pou valorize lavi w avèk pwogram, resous, epi koneksyon enpòtan pou nou ka viv epi vyeyi engam ansanm nan Boston.


Jwenn enfòmasyon ak benefis :



Community Advocates mete moun aje an kontak avèk yon layite resous, benefis, ak enfòmasyon konplè. Nou ka :

- Ede ranpli aplikasyon pou benefis piblik tankou Pwogram èd siplemantè nan nitrisyon (Supplemental Nutrition Assistance Program - SNAP) ak kabiran.
- Ede nan pwosesis pou fè aplikasyon, epi resevwa, benefis Medicare.
- Ede moun aje jwenn plizyè egzansyon ak pwogram rabè nan taks tankou Elderly Exemption 41C, Senior Circuit Breaker Tax Credit, ak lòt ankò.
- Ede moun aje deplase nan sistèm yo tankou nan rezo moun aje ak nan sevis minisipal.

Èd kominotè ak devouman



Komisyon an òganize plizyè evènman ak pwogram nan lane a. Depi nan evènman selebrasyon atravè vil la jouk nan ti evènman nan katye ki konsantre sou rasanbleman, nou okipe lòt rezidan nan diferan fason.

Transpò :



Nou devwe pou n ede moun kontinye gen yon lavi otonòm nan mete yo an kontak avèk resous transpò. Nou ofri :


- Gratis, ti otobis ki fè lanavèt pou moun sou chèzwoulèt k ap ofri yo sèvis pòtapòt pou ale nan randevou kay doktè depi se pa yon ijans. Sonnen (617)-635-3000 pou w jwenn enfòmasyon siplemantè.
- Koupon taksi pou rabè nan pri a.

► Resous nan Age Strong Commission

Opòtinite volontarya :

Nou jere pwogram volontarya atravè vil la nan travay ki ofri chanjman.

- RSVP mete moun aje an kontak avèk opòtinite volontarya nan Boston.
- *Senior Companion Program* mete moun aje an kontak avèk moun ki pa kapab soti lakay yo epi ki bezwen èd.
- *Senior Greeter* ofri tan yo pou swete moun labyenveni nan otèldevil la.
- Pwogram *Senior Property Tax Work-Off* : Pwopriyetè kay ki aje e ki kalifye resevwa opòtinite pou yo travay pou retire jouk \$1 500 swa sou fakti taks imobilye a depi yo ofri sèvis volontarya nan yon ajans minisipal.



Lojman :

Age Strong Commission travay di pou asire moun aje kapab jwenn epi kontinye gen kote pou yo viv. Nou ka :

- Ede ranpli aplikasyon pou kote pou viv.
- Mete granmoun an kontak avèk lòt ajans minisipal epi kominotè ki ka founi resous pou reparasyon kay ak lòt sitiyasyon difisil tankou estokaj.
- Founi medyasyon ak defans nan tribinal.



Alzheimer ak soutyen pou gadò :

Konnen ou pa poukont ou ; nou la pou n ofri w soutyen. Noumenm :

- Host Memory Cafés, se plas kote moun ki gen pèt memwa ansanm ak moun k ap okipe yo rankontre e li se yon anviwònman sosyal epi sekirize.
- Ofri rekòmandasyon ak lòt seminè, fòmasyon, epi soutyen an gwoup pou moun k ap soutni yon lapèsòn pa yo ki aje.



Rete konekte avèk Age Strong Commission :



Nimewo
prensipal :



Facebook :
@AgeStrongBos



Sit entènèt :
www.boston.gov/age-



Twitter :
@AgeStrongBos